



Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo

*Long Island
2019*

Tabmatyè

Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan Depatman Edikasyon Leta New York.....	4
Konsèy sou Dènnye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon.....	6
Kijan pou Itilize Gid sa a	8
Anyè Òganizasyon yo.....	9
1. Adelante of Suffolk County, Inc. (Central Islip, NY)	9
2. Catholic Charities Diocese of Rockville Centre (Amityville, NY).....	9
3. Central American Refugee Center (Hempstead, NY).....	9
4. Centro Corazón de Maria (Hampton Bays, NY)	9
5. Centro Salvadoreño, Inc. (Hempstead, NY)	10
6. Círculo de la Hispanidad (Hempstead, NY & Long Beach, NY)	10
7. Colonial Youth & Family Services (Shirley, NY).....	10
8. Community Legal Advocates of New York (Garden City, NY).....	10
9. Community Voices for Youth & Families (Roslyn, NY).....	11
10. Coordinated Agency for Spanish Americans (Hempstead, NY).....	11
11. Dejus Center, Inc. (Hempstead, NY)	11
12. EAC Network	11
13. Empire Justice Center (Central Islip, NY).....	12
14. Family & Children’s Association	12
15. Family Service League – Long Island (Huntington, NY).....	12
16. Gerald Ryan Outreach Center (Wyandanch, NY).....	12
17. Health and Welfare Council of Long Island (Melville, NY).....	13
18. Hempstead Hispanic Civic Association (Hempstead, NY).....	13
19. Hispanic Brotherhood of Rockville Centre, Inc. (Rockville Centre, NY).....	13
20. Hispanic Counseling Center (Hempstead, NY).....	13
21. The Interfaith Nutrition Network (Hempstead, NY)	14
22. La Fuerza Unida (Glen Cove, NY).....	14
23. LGBT Network.....	14
24. Literacy Nassau, Inc. (Freeport, NY).....	15
25. Long Beach Latino Civic Association (Long Beach, NY).....	15
26. The Long Island Advocacy Center (New Hyde Park, NY)	15
27. Long Island Cares, Inc. (Hauppauge, NY)	15
28. Long Island Language Advocates Coalition.....	16
29. Long Island 2-1-1	16

30. Make the Road New York (Brentwood, NY).....	16
31. North Shore Child & Family Guidance Center (Roslyn Heights, NY).....	16
32. Organizaci3n Latino-Americana of Eastern Long Island (Sagaponack, NY).....	17
33. Pride for Youth (Bellmore, NY).....	17
34. Pronto of Long Island, Inc. (Bay Shore, NY).....	17
35. SEPA Mujer (Patchogue, NY).....	17
36. Suffolk County Division of Services for Children with Special Needs.....	18
37. Suffolk County Youth Bureau	18
Resous Toupatou nan Eta a.....	19
Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a	20
Remèsiman	22

Objektif dokiman sa a, *Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo* se pou sèvi kòm resous pou piblik la. Depatman Edikasyon Leta New York (New York State Education Department, NYSED) pa kontwole ni garanti kalite sèvis yo bay nan òganizasyon ki make sou lis la, ni nonplis tou se pa poutèt li fè referans ak yon òganizasyon ki vle di oswa ki siyifye NYSED andose òganizasyon an ak tout sèvis li bay yo.

* Òganizasyon an bay tout moun sèvis, kèlkeswa afilyasyon relijye yo.

Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan Depatman Edikasyon Leta New York.

Lè yon kominote gen paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe yon wòl parantal ki enfòm e ki otonòm se bagay ki kritik pou asire Aprenan Plizyè Lang (Multilingual Learners, MLL yo)/ Aprenan Lang Angle yo (English Language Learners, ELL yo) resevwa bonjan sipò yo bezwen an e pou yo pwospere. Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (OBEWL) nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye **Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo** ki bay yon lis òganizasyon ki toupatou nan Leta New York. Chak òganizasyon sa yo ofri yon varyete sèvis. Pami sèvis yo bay yo, gen defans ak angajman kominotè, swen medikal ak asirans, lojman, travay ak anplwa, sèvis legal ak estati legal, asistans piblik, pwoteksyon, ak sèvis pou jenn yo ak edikasyon. Sèvis sa yo ka itil pou paran ak kominote yo.

OBEWL pran angajman pou l sipòte MLL yo/ELL yo ak fanmi yo toupatou nan leta New York. Nou ankouraje paran MLL yo/ELL yo ak ansyen MLL yo/ELL yo pou yo kontakte òganizasyon sa yo lè yo bezwen asistans. Lè fanmi yo jwenn sipò pou sa yo bezwen, timoun yo vin gen yon bon baz ki pèmèt yo vin gen siksè sou plan akademik e sa prepare yo tou pou kolèj ak karyè yo.

Epitou OBEWL pwodui plizyè resous pou paran MLL yo/ELL yo ke ou ka byen twouve ki itil:

- **Resous pou Paran Timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle-** La a, ou pral jwenn enfòmasyon ki esplike kijan yo idantifye timoun yo antanke MLL; jan de pwogram ki disponib pou MLL yo/ELL yo; kilè elèv yo ka soti nan pwogram MLL/ELL yo ni nan sèvis yo bay yo; ak kijan paran yo ka jwenn enfòmasyon adisyonèl, materyèl ak resous nan lekòl lokal yo.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/english-language-learnermultilingual-learner-parent-resources>
- **Yon Gid pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle nan Leta New York-** Sa a se yon ti liv ki gen dis paj ki bay deskripsyon pwogram Edikasyon Bileng ak Angle kòm yon Nouvo Lang; ki gen Kesyon Moun Poze Souvan sou MLL yo/ELL yo; Reyalite sou Bilengwis ak Edikasyon Bileng; lyen ki gen resous pou paran elèv MLL/ELL, ak ti konsèy sou "Patisipasyon Ou nan Edikasyon Pitit Ou." Yo tradui ti liv sa a nan venn-senk lang, ikonpri nan dis lang elèv MLL/ELL yo plis pale lakay yo nan Leta New York yo.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/guide-parents-english-language-learnersmultilingual-learners-new-york-state>
- **Dwa Paran yo-** Dokiman sa a fè yon rezime sou dwa kritik ki konsène aksè nan edikasyon ak pwogramasyon pou elèv MLL yo/ELL yo ak paran yo. Yo mete rezime sou dwa esansyèl sa yo nan yon fòm ki gen yon paj referans ki byen fasil pou li, epi yo tradui l nan venn-sèt lang.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parents-bill-rights-new-york-states-english-language-learnersmultilingual-learners-ell>

- **Liy Asistans Telefonik pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle-** Yo kreye liy asistans telefonik sa a pou bay paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe wòl paran pou timoun MLL yo/ELL yo, enfòmasyon sou dwa yo ak sou sèvis ki disponib pou pitit yo, konfòmman ak Règleman Komisyonè 154 (Commissioner's Regulation 154). Epitou li gen yon sistèm ladann pou reponn kesyon byen presi sou fason yo bay sèvis sa yo. **Nimewo telefòn nan:** (800) 469-8224
<https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/ellparent hotline>
- **Gid pou Paran NYSITELL ak NYSESLAT-** Gid sa yo bay yon espikasyon sou 2 nan tèz evalyasyon ki evalye nivo/ konpetans nan lang Angle pou elèv ke Angle se pa lang manman yo oswa se pa lang yo pale lakay yo. Yo tradui gid yo nan venn-de lang.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/nysitell-and-nyseslat-parent-guides>
- **Videyo Oryantasyon pou Paran: Pwogram pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York, disponib nan 10 lang-** Videyo ki fèt ak desen anime sou fon blan sa a dekri metòd yo itilize pou idantifye ak evalye MLL/ELL yo; lèfini li dekri an detay plizyè opsyon pwogram ki disponib. Epitou videyo a dekri diferans ki genyen ant pwogram Angle kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language) ak divès modèl pwogram Edikasyon Bileng (Bilingual Education) yo.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state>
 Tèks Naratif Videyo a disponib tou nan 9 lòt lang.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state>
- **Chimen Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle-** Yon Gid Pou Antre Nan Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York.
<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/roadmap-college>
- Metsouli, chak biwo nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye plizyè resous pou sipòte paran. Pou ka jwenn lis ki gen tout biwo Depatman an, ale nan:
<http://www.nysed.gov/about/program-offices>

Konsèy sou Dènnye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon

Depatman Edikasyon Leta New York (NYSED) pran angajman pou l asire l lekòl nou yo rete yon refij kote tout elèv ka aprann an tout sekirite. NYSED ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral nan Leta New York la soumèt konsèy suivan yo pou pwoteje elèv ki se imigran yo.

Enfòmasyon ki konsène kondisyon imigrasyon yo:

- ❖ Selon Lwa sou Edikasyon nan Leta New York la, tout timoun ki gen plis pase senk lane epi mwens pase venteyen lane daj epi ki pako resevwa yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou yal nan lekòl piblik nan distri lekòl kote yo abite a san yo pa peye frè eskolarite kèlkeswa kondisyon sitwayènte oswa kondisyon imigrasyon yo.
- ❖ Nan ka Plyler v. Doe (Plyler kont Doe), Kou Siprèm Amerikèn nan te deklare ke distri lekòl yo paka refize elèv yon edikasyon piblik gratis poutèt yo pa gen papye oswa poutèt yo pa sitwayen ameriken, oswa sou baz estati paran oswa responsab legal yo.
- ❖ Lè enskripsyon yo, lekòl yo pa fèt pou poze kesyon ki ka revele kondisyon imigrasyon yon timoun, sètadi yo pa dwe mande pou yon nimewo Sekirite Sosyal.
- ❖ Konsènan kesyon U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) poze, ikonpri demann yo soumèt pou rankontre oswa entèvyouve elèv, oswa demann pou aksede dosye elèv yo, anplwaye distri lekòl yo fèt pou konsilte sipè-entandan yo ak avoka ki reprezante lekòl yo imedyatman pou konnen si lè yo onore yon tèt demann sa ka lakòz distri a vyole yon lwa aplikabilite jeneral, ki enkli lwa New York Family Court Act (NYFCA) [Lwa pou Tribinal ki Trete Ka Familyal nan New York] ak lwa federal Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) [Lwa sou Dwa Edikasyon Familyal ak sou Pwoteksyon Vi Prive].

Enfòmasyon konsènan diskriminasyon, asèlman ak entimidasyon nan lekòl yo:

- ❖ Lwa Dignity for All Students Act (DASA) [Lwa Diyite pou Tout Elèv] nan Leta New York la te pwomilge nan lane 2012 pou bay elèv yo yon anviwònman san danje e ki ankourajan, san diskriminasyon, san asèlman, ak san entimidasyon anndan enstalasyon lekòl la, nan otobis lekòl epi/oswa nan yon aktivite eskolè, epi yo te amande lwa sa a nan lane 2013 pou li enkli entimidasyon vityèl (pa mwayen elektwonik).
- ❖ NYSED bay distri, paran ak responsab legal yo sipò lè yo gen kesyon konsènan DASA. Ou ka kontakte Depatman an nan:
 - The Office of Bilingual Education and World Languages (Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal) nan (718) 722-2445 oswa nan obewl@nysed.gov.
 - The Office of Student Support Services (Biwo Sèvis Asistans Elèv la) nan (518) 486-6090 oswa nan studentsupportservices@nysed.gov.
 - Si ou bezwen èd ki gen rapò ak lang, kontakte Liy Asistans Telefonik pou Paran nan Language Regional Bilingual Education Resource Network (RBERN) nan (800) 469-8224 oswa ale nan nysparenthotline@nyu.edu.
- ❖ Pou ka gen yon kopi ofisyèl sou komunikasyon ak tradiksyon sa yo, tanpri ale nan: <http://www.nysed.gov/bilingual-ed/information-regarding-recent-immigration-related-actions>.

Konsèy biwo Gouvènè New York la bay:

- ❖ Selon Lòd Egzekitif 170 Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen an, ajans ak fonksyonè Leta New York yo pa gen dwa pou yo poze kesyon oswa revele enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon okenn moun, amwenske lalwa egzije yo fè

I oswa si i nesesè pou detèmine elijibilite pou resevwa yon benefis oswa sèvis. Lòd sa a valab pou ofisye polis yo tou amwenske yap mennen ankèt sou aktivite kriminel. Ale la a pou ka li lòd egzekitif la: <https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-signs-executive-order-prohibiting-state-agencies-inquiring-about-immigration>.

- ❖ Biwo Gouvènè Leta New York la reyafime sipò l pou imigran yo, lèfini li anonse lap pran plizyè inisyativ, tankou kreye yon nouvo Inite kont Krim Rayisab nan Lapolis Leta a (State Police Hate Crimes Unit) ki gen pou misyon envestige krim rayisab potansyèl; agrandi Lwa sou Dwa Imen nan New York (New York's Human Rights Law) pou l pwoteje tout elèv toupatou nan leta a; ak fonde Biwo ki jere Fon pou Defans Legal Imigran ak Nouvo Ameriken (Office of New Americans and Immigrant Legal Defense Fund) pou l asire l tout imigran ka jwenn enfòmasyon ak moun ki pou defann yo. Ale la a pou ka wè kominike Gouvènè a: <https://www.ny.gov/programs/we-are-all-immigrants>.

Kijan pou Itilize Gid sa a

Depatman Edikasyon Leta New York kwè toutbon ke edikasyon yon timoun pa fèt nan salklas sèlman, men li fèt tou lakay yo ak nan kominote yo. Nan anyè sa a, gen yon lis òganizasyon kominotè nan **Long Island** ki ofri diferan sèvis ki ka itil pou imigran New York yo.

- ❖ Anyè a bay non òganizasyon yo, adrès yo, enfòmasyon pou kontakte yo, yon ti deskripsyon sou sèvis yo ofri yo ak nan ki lang yo bay sèvis sa yo.
- ❖ Yo mete òganizasyon yo pa òd alfabetik.
- ❖ Laplipa sèvis ki sou lis la gratis. Sepandan gen kèk ladan yo ki pa gratis. Toujou konfime pri a ak òganizasyon an anvan menm ou itilize sèvis yo bay yo.
- ❖ Pou ka asire w pwogram yo disponib, yo rekòmande pou rele òganizasyon an davans.

Senbòl fonce ki parèt sou kote chak òganizasyon reprezante sèvis li bay yo.



Defans ak Angajman Kominotè



Swen Medikal ak Asirans



Lojman



Travay ak Anplwa



Sèvis Legal ak Eitati Legal



Asistans Piblik



Pwoteksyon



Sèvis pou Jenn ak Edikasyon

Anyè Òganizasyon yo

1. Adelante of Suffolk County, Inc. (Central Islip, NY)

Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Panyòl
83 Carleton Ave., Central Islip, NY 11722
Telefòn: (631) 234-1049
<http://adelantesc.us/index.html>

Li ofri pwogram nan lojman ak jesyon dosye; ijyèn mantal; sèvis pou fanmi ak jèn yo; sèvis konsèy pou lojman ak lokatè; devlopman travay; kou Angle; lidèchip pou jèn yo ak yon pwogram apre lekòl; ak asistans nan domèn nitrisyon ak Medicaid.



2. Catholic Charities Diocese of Rockville Centre (Amityville, NY)

Lang: Angle, Franse, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Polonè, Panyòl.
90 Cherry Lane, Hicksville, NY 11801
Telefòn: (516) 733-7000
<http://www.catholiccharities.cc/our-services/immigration-and-refugee-resettlement>

Li ofri konsiltasyon legal konplè e fyab; li ranpli aplikasyon epi li ale nan tribinal pou l reprezante gwoup imigran epi l bay refijye sèvis relokalizasyon. Epitou li bay sèvis jeneral nan domèn nitrisyon, sante, lojman, ak asistans piblik.



3. Central American Refugee Center (Hempstead, NY)

Lang: Angle, Indi, Panyòl
Telefòn: (516) 489-8330
<http://www.carecenny.org/>

Li ofri kominote imigran yo asistans legal nan domèn tankou estati pwoteksyon tanporè (TPS), Deferred Action for Childhood Arrivals (DACA) [Aksyon yo Ranvwaye pou Timoun kap Antre], renouvèlman kat rezidans, sèvis natiralizasyon ak petisyon famiyal. Epitou li ofri kou Angle gratis sou plas ak travay defans.



4. Centro Corazón de María (Hampton Bays, NY)

Lang: Angle, Panyòl
31 Montauk Highway, Hampton Bays, NY 11946
Telefòn: (631) 728-5558
http://www.rshm.org/ministries/social_and_legal_services/

Li bay kou Angle kòm yon Dezyèm Lang (ESL); pwogram prenatal; sesyon enfòmasyon sou gadri timoun ak konesans parantal; edikasyon ak konsèy sante; evènman kominotè ak gwoup sipò; asistans ak pwogram benefis gouvènman.



5. Centro Salvadoreño, Inc. (Hempstead, NY)

Lang: Angle, Panyòl

54 Washington St. #1 & #2, Hempstead, NY 11550

Telefòn: (516) 565-1550

Li bay kominote imigran Ispanik nan Hempstead enfòmasyon, edikasyon ak asistans yo bezwen. Pami sèvis yo li bay kou Angle ak Panyòl; enfòmasyon sou travay, lokatè ak dwa sivil; asistans ak sèvis imigrasyon ak natiralizasyon; tradiksyon; èd pou ranpli aplikasyon pou sèvis sosyal epi li pibliye dokiman ki bay enfòmasyon.



6. Círculo de la Hispanidad (Hempstead, NY & Long Beach, NY)

Lang: Angle, Panyòl

605 Peninsula Blvd., Hempstead, NY 11550

Telefòn: (516) 282-0145

<http://cdlh.org/>

Li desèvi kominote imigran Long Island nan atravè pwogram edikasyon; pwogram alfabetizasyon nan lang Angle ak Panyòl; sèvis preparasyon pou tès GED ak karyè; vyolans domestik; lojman; VIH/SIDA ak sèvis pou jèn yo.



7. Colonial Youth & Family Services (Shirley, NY)

Lang: Angle, Panyòl

2 Coraci Blvd. Suite 17, Shirley, NY 11967

Telefòn: (631) 281-4461

<http://colonialyfs.com/>

Li ofri pwogram gadri pou tout laj; sèvis klinik ak konsèy; yon gwoup volontè elèv; ak sèvis asistans fanmi.



8. Community Legal Advocates of New York (Garden City, NY)

Lang: Angle, Panyòl

38 Old Country Road #205, Garden City, NY 11530

Telefòn: (516) 210-6763

<http://www.cla-ny.org/>

Li ofri reprezantasyon legal dirèk ak konsèy sou yon pakèt kesyon imigrasyon ak kesyon legal sivil ki pa gen rapò ak imigrasyon. Sèvis sa yo gratis osnon yo pa koute chè.



9. Community Voices for Youth & Families (Roslyn, NY)

Lang: Angle
 P.O. Box 296, Roslyn, NY 11576-2180
 Telefòn: (516) 757-4079
<http://cv4yf.org/site/>

Li bay enfòmasyon sou pwogram ak règleman ki afekte timoun epi li defann jèn yo ak fanmi yo ak òganizasyon kap desèvi yo.



10. Coordinated Agency for Spanish Americans (Hempstead, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 40 Main St., Hempstead, NY 11550
 Telefòn: (516) 572-0750
<https://www.nassaucountyny.gov/1584/Coordinated-Agency-for-Spanish-Americans>

Li ede Ameriken Ispanik ak Latino ki nan Konte Nassau ak sèvis imigrasyon, lojman ak edikasyon, epi l bay referans ak enfòmasyon tou.



11. Dejus Center, Inc. (Hempstead, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 236 Fulton Ave. Suite 222-A, Hempstead, NY 11550
 Telefòn: (516) 280-3379
<https://www.dejuscenterinc.org/dejus-center-inc>

Li defann devlopman ak ekspansyon pouvwa ekonomik, politik ak sosyal imigran kap fè travay ki peye salè ba atravè sèvis legal dirèk, edikasyon kominotè ak angajman sivik.



12. EAC Network

Lang: Angle, Panyòl
 50 Clinton Street Suite 107
 Hempstead, NY 11550
 Telefòn: (516)539-0150 Faks: (516) 539-0160
 Sitwèb: <https://eac-network.org/>
 Imèl: info@eac-network.org

Li bay sèvis nan senk domèn: timoun ak jèn yo; fanmi ak kominote; sante nan konpòtman ak jistis kriminèl; granmoun aje ak moun ki pa gen kapasite; sèvis pwofesyonèl.



13. Empire Justice Center (Central Islip, NY)

Lang: Angle, Panyòl, men li gen teknoloji ki ka tradui nan lòt lang yo tou

225 Eastview Dr. Room 222, Central Islip, NY 11722

Telefòn: (631) 650-2306

<https://empirejustice.org/>

Yo angaje nan litij, nan règleman ak fòmasyon pou ranfòse dwa legal moun ki abite nan New York ki pòv, ki andikape oswa ki pa gen dwa fondamantal, nan diferan domèn. Sèvis imigrasyon ki konsantre sou imigran ki viktim krim, li enkli asistans benefis gouvènman ak defans legal ak asistans teknik.



14. Family & Children's Association

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan plizyè lang

100 E. Old Country Rd.

Mineola, NY 11501

Telefòn: (516) 746-0350

<http://www.fcacares.com/>

Li bay sèvis edikasyon ak sipò famiyal/Sante mantal pou timoun; sèvis pou granmoun aje ak adilt; swen rezidansyèl; prevansyon kont adiksyon, tretman ak reyabilitasyon.



15. Family Service League – Long Island (Huntington, NY)

Lang: Angle, Panyòl

790 Park Ave., Huntington, NY 11743

Telefòn: (631) 427-3700

<http://www.fsl-li.org/>

Li jere plizyè sant nan Long Island ki ofri sèvis pou moun ki fè adiksyon, pwogram pou timoun ak jèn yo; sèvis sante mantal pou fanmi ak sèvis sipò; sèvis lojman ak sèvis pou moun ki sanzabri; swen sante entegre; teknoloji ak devlopman travay; ak asistans pou granmoun aje ak veteran.



16. Gerald Ryan Outreach Center (Wyandanch, NY)

Lang: Angle, Panyòl

1434 Straight Path, Wyandanch, NY 11798

Telefòn: (631) 643-7591

<http://geraldryanoutreach.org/>

Li bay manje, rad, edikasyon ak òpòtinite pou moun jwenn travay nan Wyandanch ak nan kominote ki ozalantou yo.



17. Health and Welfare Council of Long Island (Melville, NY)

Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Panyòl
 150 Broadhollow Road Suite 118, Melville, NY 11747
 Telefòn: (516) 483-1110
<http://www.hwcli.com/>

Se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi e ki mennen yon politik jeneral pou founisè sèvis sante ak sèvis sosyal nan Long Island atravè defansn, sipò ak kominikasyon. Li ede moun jwenn asistans piblik ak swen medikal atravè asosyasyon li fè ak lòt òganizasyon kominotè.



18. Hempstead Hispanic Civic Association (Hempstead, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 236 Main St., Hempstead, NY 11550
 Telefòn: (516) 292-0007
<http://www.hempsteadhispanic.org/>

Li bay kominote Ispanik nan Hempstead plizyè sèvis. Pami sèvis yo gen: konsèy, asistans lojman, aktivite rekreatif ak pwogram edikatif, konferansye envite ak fòmasyon pou lidè, leson patikilye bileng pou elèv ki nan lekòl primè.



19. Hispanic Brotherhood of Rockville Centre, Inc. (Rockville Centre, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 59 Clinton Ave., Rockville Centre, NY 11570
 Telefòn: (516) 766-6610
<http://www.hispanicbrotherhood.org/>

Li ofri imigran Ispanik yo asistans nan Freeport, Oceanside, Lynbrook ak Baldwin. Pami sèvis li bay yo gen: pwogram apre lekòl ak pwogram leson patikilye, konsèy sou lojman ak travay, tradiksyon, asistans pou imigrasyon ak asistans legal, defans lokatè ak anplwaye, ak manje nan ka dijans.



20. Hispanic Counseling Center (Hempstead, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 344 Fulton Ave., Hempstead, NY 11550
 Telefòn: (516) 538-2613
<http://www.hispaniccounseling.org/>

Yon òganizasyon bileng e bi-kiltirèl ki bay sèvis tretman pou abi sibstans, konsèy, defans, jesyon dosye ak lòt pwogram pou kominote Ispanik la nan Konte Nassau.



21. The Interfaith Nutrition Network (Hempstead, NY)

Lang: Angle, Panyòl

100 Madison Ave., Hempstead, NY 11550

Telefòn: (516) 486-8506

<https://the-inn.org/>

Yo jere yon kizin ki bay manje (soup kitchen) nan Hempstead, Long Beach, Freeport ak Central Islip, lèfini yo bay sèvis lojman annijans ak pwogram lojman alontèm.



22. La Fuerza Unida (Glen Cove, NY)

Lang: Angle, Panyòl

40 Glen St. Suite 1 2nd Floor, Glen Cove, NY 11542

Telefòn: (516) 759-0788

<http://www.lfuinc.org/>

Li gen pwogram pou kominote ki gen moun ki gen revni ki ba nan Glen Cove e nan zòn ozalantou yo. Pami pwogram sa yo gen: edikasyon adilt; konesans nan enfòmasyon ak fòmasyon pou karyè, pwogram pou jèn yo, prezèvasyon ak devlopman katye, konsèy sou lojman ak konsèy sou kay yap sezi, ak sèvis sitwayènte ak imigrasyon.



23. LGBT Network

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan plizyè lang

Bayshore Center

34 Park Ave.

Bayshore, NY 11706

Telefòn: (631)665-2300 Faks: (631) 665-7874

Hampton Center

44 Union St. Sag Harbor 11963

Telefòn: (631)899-4950 Fax:(631)631-665-7874

Woodbury Center

20 Crossways Park Dr. N Suite 110

Woodbury, NY 11797

Telefòn: (516)323-0011 Faks:(516)750-4715

www.lgbtnetwork.org

Li ofri konsèy ak sèvis sante mantal, tès VIH/MST [maladi ki transmèt nan kontak seksyèl], gwou sipò. Eitou yo gen pwogram yo fè regilyèman ak sèvis chak semèn epi yo ofri espas piblik pou moun tout laj.



24. Literacy Nassau, Inc. (Freeport, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 187 Smith St., Freeport, NY 11520
 Telefòn: (516) 867-3580
<https://www.literacynassau.org/>

Li ofri kou pou aprann lang Angle, kou preparasyon pou tèz sitwayènte; klib liv ak klib ekriyen pou adilt ki gen bezwen espesyal, ak leson patikilyè pou timoun ki gen andikap aprantisaj ki baze sou lang.



25. Long Beach Latino Civic Association (Long Beach, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 52 East Park Ave., Long Beach, NY 11561
 Telefòn: (516) 889-4912
<http://lblatinocivic.org/>

Li angaje l pou l fè popilasyon Latino nan Long Beach la pran otonomi l atravè dokiman yo pibliye, pwogram sansibilizasyon, sondaj kominotè, devlopman lidè ak fowòm piblik pou adrese kesyon edikasyon, swen medikal, konsèyasyon anviwònman ak devlopman sosyo-ekonomik. Li ofri yon pakèt aktivite ak sèvis nan domèn sa yo.



26. The Long Island Advocacy Center (New Hyde Park, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 999 Herricks Road, New Hyde Park, NY 11040
 Telefòn: (516) 248-2222
<http://www.theliac.org/>

Li bay sèvis ak asistans legal pou elèv ak fanmi yo nan ka ki gen rapò ak edikasyon nan konte Nassau ak Suffolk.



27. Long Island Cares, Inc. (Hauppauge, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 10 Davids Drive, Hauppauge, NY 11788
 Telefòn: (631) 582-3663
<https://www.licares.org/>

Li jere yon bank alimantè ki gen plizyè lokal nan Long Island. Epitou li gen pwogram tankou fòmasyon pou travay, nitrisyon pou timoun, manje pou bèt domestik, kamyonèt mobil ki bay enfòmasyon, pwogram referans ak manje annijans.



28. Long Island Language Advocates Coalition

Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Panyòl
<https://www.longislandlanguageadvocates.org/>

Se yon òganizasyon kap chèche amelyore aksè nan pwogram pou moun ki pa pale Angle byen atravè defans ak edikasyon. Li bay enfòmasyon ak resous pou moun ki pa pale Angle byen. Yo rankontre yon fwa pa mwa. Yo altène ant konte Nassau ak Suffolk.



29. Long Island 2-1-1

Lang: Li ka kominike ak moun ki rele nan 200 lang
 Telefòn: 2-1-1 oswa 1-888-774-7633
<https://211longisland.communityos.org/zf/taxonomy/directory>

Misyon 2-1-1 Long Island fikse se bay tout moun nan Long Island yo yon koneksyon entènèt konplè pou sèvis imen, chak jou epi lè gen dezas. Pami sèvis yo bay, gen lojman ak sèvis piblik, kriz ak ijans, asistans nan ka dezas, manje, sante, travay ak sipò.



30. Make the Road New York (Brentwood, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 1090 Suffolk Ave., Brentwood, NY 11717
 Telefòn: (631) 231-2220
<https://maketheroadny.org/>

Se yon òganizasyon ki bay sèvis dirèk ak sèvis defans ki gen pwogram nan alfabetizasyon adilt, angajman sivik, òganizasyon kominotè, aksè pou jwenn swen medikal ak asistans piblik, devlopman lidè, sèvis legal, ak pwogram pou jèn yo ak pwogram lekòl.



31. North Shore Child & Family Guidance Center (Roslyn Heights, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 480 Old Westbury Road, Roslyn Heights, NY 11577
 Telefòn: (516) 626-1971
<https://www.northshorechildguidance.org/>

Li ofri tretman pèsonalize ak sèvis pou timoun depi lè yo fèt jouk yo rive nan laj 24 lane ak pou fanmi yo nan domèn abi sibstans, sante mantal, ak reta nan devlopman. Li gen twa biwo nan Long Island, youn nan Roslyn Heights, youn nan Manhasset ak youn nan Westbury.



32. Organización Latino-Americana of Eastern Long Island (Sagaponack, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 P.O. Box 278, Sagaponack, NY 11962
 Telefòn: (631) 899-3441

<https://www.olaofeasternlongisland.org/>

Li travay nan domèn atizay, edikasyon ak domèn kiltirèl atravè òganizayson festival film, pwodiksyon teyatral, kou Angle Kòm yon Dezyèm Lang (ESL) ak kou enfòmasyon, sesyon enfòmasyon sou lidèchip, fowòm edikatf ak efò pou defans.



33. Pride for Youth (Bellmore, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 2050 Bellmore Ave., Bellmore, NY 11710
 Telefòn: (516) 679-9000

<https://longislandcrisiscenter.org/>

Li travay antanke founisè sèvis dirèk ak defansè poujèn jouk rive nan laj 30 lane, ki lesbyèn, masisi, biseksyèl, transeksyèl ak omoseksyèl/sa kap kesyonnen (LGBTQ) ki nan Long Island, epi li bay konsèy, edikasyon ak lòt sèvis sipò.



34. Pronto of Long Island, Inc. (Bay Shore, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 128 Pine Aire Drive, Bay Shore, NY 11706
 Telefòn: (631) 231-8290

<http://www.prntolongisland.com/>

Li ofri aktivite kominotè, yon bank alimantè, sant likidasyon ak yon depo ki gen atik menaje yo apèn itilize, ansanm kou Angle Kòm yon Dezyèm Lang ak kou sitwayènte.



35. SEPA Mujer (Patchogue, NY)

Lang: Angle, Panyòl
 45 Oak St., Patchogue, NY 11772
 Telefòn: (631) 980-2555

<http://sepamujer.org/>

Li ofri fòmasyon nan domèn edikatif ak pwogram devlopman lidè pou fanm imigran Latino, efò sansibilizasyon kominotè, sèvis legal pou imigran ki viktim abi ak vyolans, ak referans.



36. Suffolk County Division of Services for Children with Special Needs

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan plizyè lang

50 Laser Court

Hauppauge, NY 11788

Telefòn: (631) 853-3100 – Faks: (631) 853-2310

<http://www.suffolkcountyny.gov/departments/healthservices/servicesforchildrenwithspecialneeds.aspx>

Li travay pou l bay edikasyon, sèvis defans ak sèvis entèvansyon bonè.



37. Suffolk County Youth Bureau

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan plizyè lang

H. Lee Dennison Building – 3rd Floor


100 Veterans Memorial Highway

Hauppauge, NY 11788-0099

Telefòn: (631) 853-8270 Faks: (631) 853-8271

<http://www.suffolkcountyny.gov/Departments/CountyExecutive/YouthBureau.aspx>
youth.services@co.suffolk.ny.us

Li ofri sèvis pou Jèn nan Konte Suffolk, ki poko gen 21 lane, atravè sèvis ki asire byennèt fizik, sosyal ak edikatif yo. Ajans òganizasyon sa a siyen kontra ak yo ofri sèvis suivan yo: Entèvansyon lè gen Kriz, Konsèy Fòmèl e Enfòmèl, Abri Tanporè, Pwogram Rekreyatif/Kiltirèl, Pwogram Pou Jwenn Travay, Enfòmasyon ak Referans, Defans, Pwogram Edikatif, Nimewo Asistans Telefonik pou Jèn yo, ak Sèvis pou Jèn ki Sove kite Kay yo ak Jèn ki Sanzabri.



38. United Way of Long Island

Lang: Yo ka kominike nan 200 lang

819 Grand Blvd.

Deer Park, NY 11729-4511

Telefòn: (631) 853-3100 – Faks: (631) 940-2551

www.unitedwayli.org

Edikasyon; sèvis dijans (abri, manje); swen medikal

Li konsantre l sou edikasyon, estabilite finansyè ak sante pou l kreye opòtinite.



Resous Toupatou nan Eta a

Gid Resous pou Imigran nan Leta New York (**New York State Immigrant Resource Guide**)

<https://www.ny.gov/we-are-all-immigrants/new-york-state-immigrant-resource-guide>

Gid Resous pou Imigran nan Leta New York (The New York State Immigrant Resource Guide) ofri yon lis konplè ki gen ajans gouvènman leta yo ki ka bay sèvis nan domèn kominikasyon nan lang, krim ak diskriminasyon, sèvis legal, pwoteksyon konsomatè, sèvis sante, asistans finansyè ak angajman kominotè.

2-1-1 New York

<https://211nys.org/>

Rele 211 sou telefòn ou an pou sèvis enfòmasyon gratis, ki pa ijan ki konekte w ak sèvis sante ak sèvis yo bay moun. Gen operatè ki pale plizyè lang. Epitou ou ka jwenn enfòmasyon yo bay sou sèvis yo sou entènèt la.

Boards of Cooperative Educational Services (BOCES) of New York State

<https://www.boces.org/>

BOCES ofri pwogram ak sèvis edikasyon ki pataje bay pratikman tout distri lekòl yo, esepite “Big Five (Senk Pi Gwo yo)” (New York City, Buffalo, Rochester, Yonkers, ak Syracuse). Pami sèvis yo bay yo gen pwogram pou karyè ak pwogram teknik pou elèv lekòl segondè, sèvis pou elèv andikap, lekòl dete, ak pwogram alfabetizasyon ak fòmasyon pwofesyonèl pou travay pou adilt. Chèche biwo lokal BOCES la nan sitwèb ki make anwo a.

New York State Division of Human Rights (DHR)

<https://dhr.ny.gov/>

DHR ranfòse lwa sou Dwa Imen nan New York yo, ki entèdi diskriminasyon nan anplwa, lojman, kredi, kote ki gen akomodasyon piblik, ak enstitisyon edikatif ki pa fè pati yon sèkt, diskriminasyon ki baze sou laj, ras, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, kondisyon marital, andikap, kondisyon militè ak lòt klas byen presi. Ou ka pote plent poutèt pratik diskriminatwa pou DHR envestige, nan sitwèb yo oswa nan (888) 392-3644.

New York State Office for New Americans (ONA)

<https://www.newamericans.ny.gov/>

ONA opere 27 **Sant Opòtinite (Opportunity Centers)** ki baze nan katye. Sant sa yo ofri plizyè sèvis gratis, ikonpri asistans legal, kou Angle-pou-Moun-ki-Pale-Lòt-lang (ESOL), asistans pou natiralizasyon, fòmasyon pou antreprenè ak sesyon enfòmasyon pou konn kijan pou jwenn sèvis leta bay yo. Lè w rele liy asistans **New York State New Americans Hotline** (1-800-566-7636), gen moun ki pale plizyè lang ki bay enfòmasyon gratis e konfidansyèl sou imigrasyon e ki bay rekòmandasyon tou pou moun jwenn asistans an tout konfyans nan plis pase 200 lang.

Office of Bilingual Education and World Languages (OBEWL)

<http://www.nysed.gov/bilingual-ed>

OBEWL nan New York State Education Department bay konsèy ak resous pou Aprenan Lang Angle (ELL)

yo)/Aprenan Plizyè Lang (MLL yo). Nan sitwèb la yo ofri règleman ak memorandòm ki ajou; epi yo ofri resous pou paran ak nimewo telefòn asistans pou fanmi elèv ELL/MLL nan lekòl New York yo.

Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a

American Immigration Lawyers Association – New York Chapter

<http://www.ailany.org/>

American Immigration Lawyers Association se yon asosyasyon avoka ki pratike e ki anseye dwa sou imigrasyon. Yo reprezante dè dizèn de milye biznis ak endistri Ozetazini, etidyan etranje, atis, atlèt, ak moun kap mande azil, souvan sou baz *pro bono* (*gratis*).

Asian American Federation

<http://www.aafny.org/>

Asian American Federation reprezante ajans sèvis kominotè rezo pàn-Azyatik nan zòn Nòdès la. Yo travay nan domèn rechèch, defans règleman, konsyantizasyon piblik, ak devlopman òganizasyonèl nan domèn sante ak sèvis imen, edikasyon, devlopman ekonomik, patisipasyon sivik, ak jistis sosyal.

Empire Justice Center

<https://empirejustice.org/>

Empire Justice Center se yon òganizasyon ki toupatou nan eta a kap chèche ranfòse dwa legal moun ki nan New York ki pòv e ki pa gen dwa fondamantal. Yo bay fòmasyon, sipò ak asistans teknik pou sèvis legal, yo ofri moun asistans legal dirèk nan domèn sivil, epi yo angaje yo nan analiz règleman, rechèch ak defans.

Hispanic Federation

<https://hispanicfederation.org/>

Hispanic Federation se yon òganizasyon nasyonal ki gen manm ki enskri ladann e ki pa travay pou pwofi. Li travay nan domèn edikasyon, sante, imigrasyon, angajman sivik, emansipasyon ekonomik ak anviwònman an. Yo bay gwoup manm yo sèvis epi yo defann enterè Latino yo ak administre pwogram asistans kominotè ak sèvis sosyal dirèk.

Immigrant Defense Project

<https://www.immigrantdefenseproject.org/>

Immigrant Defense Project travay pou l asire egalite ak jistis pou imigran ki Ozetazini atravè fòmasyon ak konsèy, litij ki gen enpak, defans, angajman ak edikasyon kominotè, kominikasyon ak fè pase mesaj. Yo ofri resous pou kominote ak avoka yo, epi yo gen yon liy asistans telefonik espesyal pou bay moun konsèy legal gratis.

International Refugee Assistance Project (IRAP)

<https://refugeerights.org/>

International Refugee Assistance Project bay èd legal dirèk *pro bono* (*gratis*), litij, ak defans pou refijye ak moun yo deplase, ansanm ak enfòmasyon ak resous pou popilasyon sa yo.

National Association for the Advancement of Colored People (NAACP)

<https://www.nysnaacp.org/>

NAACP travay pou l defann egalite sou plan politik, edikasyon, sosyal ak ekonomik pou tout sitwayen. Epi li travay pou yon sosyete kote tout moun gen menm dwa san diskriminasyon ki baze sou ras. Yo travay nan domèn angajman sivik, jistis kriminel, edikasyon, sante ak estabilite ekonomik.

New York Civil Liberties Union (NYCLU)

<https://www.nyclu.org/>

New York Civil Liberties Union goumen pou libète sivil ak dwa sivil atravè yon pwogram litij plizyè nivo, defans, edikasyon piblik, ak òganizasyon kominotè. NYCLU gen wuit (8) biwo nan Leta New York epi l bay sèvis legal, enfòmasyon ak resous pou reyaji kòm sadwa parapò ak vyolasyon dwa sivil.

New York Immigrant Coalition (NYIC)

<https://www.nyic.org/>

New York Immigrant Coalition se yon òganizasyon ki mennen yon politik jeneral e ki defann dwa moun. Li reprezante plis pase 200 imigran ak gwoup ki defann dwa refijye toupatou nan New York. Yo pran angajman pou yo kontakte elektè ak fè mobilizasyon, yo ofri dokiman ki bay bon jan enfòmasyon nan plizyè lang sou kesyon ki konsène imigran, yo milite an favè lwa ak règleman, epi chak ane yo òganize sesyon enfòmasyon ak prezantasyon sou lwa imigrasyon ak lòt pwoblèm ki afekte imigran.

Parent-Child Home Program (PCHP)

<http://www.parent-child.org/>

Rezo ki chaje ak lokal pou pwogram Parent-Child Home Program bay fanmi ki pa gen anpil revni zouti ak konesans yo bezwen pou asire timoun yo atenn tout potansyèl yo nan lekòl ak nan lavi. Yo gen 29 lokal atravè New York ki angaje nan vizit adomisil, nan distribisyon resous edikatif, ak nan preparasyon akademik.

Protecting Immigrant New Yorkers (PINY)

<https://protectingimmigrants.org/>

Protecting Immigrant New Yorkers se yon gwoup moun kap travay sou sipèvizyon New York Immigrant Coalition ki kowòdone ant ajans gouvènman ak òganizasyon kominotè yo pou konbat fwòd nan sèvis imigrasyon. Yo fè pwomosyon pou pratik imigrasyon egzanplè, yo ankouraje dialòg, yo kowòdone aplikasyon lalwa kont moun kap fè fwòd, yo pibliye dokiman tankou kanpay piblisite sou konsyantizasyon piblik, feyè "konn-dwa-w", ak konsèy pou konsomatè pa viktim moun kap fè fwòd.

Remèsiman

Nou ta renmen remèsye patikilyèman tout moun ki te bay patisipasyon yo pou nou te ka kreye gid sa a. Metsouli, nou apresye asistans enstitisyon suivan yo te bay:

Advocates for Children



Education Trust NY



Hispanic Federation



New York Immigration Coalition



Regional Bilingual Resource Networks (RBERNs)

OFFICE OF BILINGUAL EDUCATION AND WORLD LANGUAGES
<http://www.p12.nysed.gov/biling/bilinged/> OBEWL@NYSED.GOV

